



Pou Piblikasyon Imedya: 9/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON SOU LIY
TRANSMISYON SMART PATH CONNECT LA**

***Gwo rekonstwiksyon kòmanse pou lyen transmisyon elektrisite enpòtan nan
North Country ak Mohawk Valley***

***Amelyore atè transmisyon lès-wwès ak nò-sid pou modènize rezo elektrik New
York la ak avanse objektif enèji pwòp Eta a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmanisman konstriksyon [Smart Path Connect](#), yon pwojè transmisyon ki enpòtan anpil ki dirije pa Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) la ak National Grid NY pou rekonstwi ak ranfòse apeprè san swateyen km transmisyon nan North Country ak Mohawk Valley. Amelyorasyon liy transmisyon yo nesese pou satisfè egzijans enèji pwòp Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) Eta a. Reprezantan pwojè a yo, ki gen ladan Prezidan Pwovizwa ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, ak Direktè Operasyon Egzekitif National Grid (Rezo Nasyonal) New York la pou Elektrisite Brian Gemmell, rejwenn Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Operatè Sistèm Endepandan New York (New York Independent System Operator, NYISO) Rich Dewey pou make lansman konstriksyon pwojè a jodi a epi li te enfòmè kominote lokal la sou pwojè a ansanm ak lidè eta ak lokal yo nan Sant Vizitè Hawkins Point (Hawkins Point Visitors Center) Otorite Enèji New York nan Massena, New York.

"Ekspansyon ak modènizasyon sistèm transmisyon New York la enpòtan anpil pou ogmante rezistans ak avanse objektif anbisyè enèji pwòp New York yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "New York ap dirije wout la nan fè investisman enfrastrikti enèji ki solid ki pral kreye djòb, ranfòse ekonomi lokal yo ak avanse efò New York yo k ap mennen nan peyi a pou konstwi yon sistèm enèji san kabòn disi 2040."

Pwojè Smart Path Connect la pral ede debouche resous renouvlab ki egziste deja yo nan rejyon an epi fè gwo ekonomi nan pri pwodiksyon, rediksyon emisyon, ak diminisyon nan konjesyon transmisyon. Yo estime li pral lakòz plis pase 1.16 milyon tòn emisyon CO2 yo evite chak ane sou yon baz nan tout eta a ak yon rediksyon anyèl apeprè 160 tòn emisyon NOx. Otorite Enèji New York la estime pwojè a pral bay plis pase 447 milyon dola nan ekonomi anyèl nan nò New York epi kreye plizyè santèn djòb

enèji pwòp pandan konstriksyon an.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Pandan n ap antre nan mwa ivè yo, mwen ankouraje m wè pwogrè New York ap fè nan rekonstwi liy transmisyon entegral nou yo, ki fè yo pi rezistan fas ak tanpèt ivènal yo ki deplizanpli sevè tankou sa nou fèk eksperimante nan Buffalo a. Envestisman nou nan transmisyon an enpòtan pou avni enèji pwòp New York la. Konsantrasyon devlopman transmisyon NYPA a se yon pati fondamantal nan plan estratejik [NYPA Vision 2030](#) (Vizyon NYPA pou 2030) nou an. Amelyorasyon enpòtan nan sistèm transmisyon n ap fè jodi a enpòtan pou objektif aksyon klimatik nou yo pou konbat efè rechofman planèt la ak ranfòse ekonomi New York la nan kreye djòb enèji pwòp yo."

Smart Path Connect se yon pwojè ki gen plizyè aspè ki gen ladann rekonstwi apeprè 45 mil transmisyon nan direksyon lès soti Massena rive nan Vil Clinton, ki pral dirije pa Otorite Enèji New York la; epi rekonstwi apeprè 88 km transmisyon nan direksyon sid soti Croghan rive Marcy ki pral dirije pa National Grid NY. Travay la pral enplike konstriksyon plizyè nouvo soustasyon ansanm ak amenajman plizyè soustasyon ki egziste deja.

De segman yo pral konekte pa [Smart Path](#), yon rekonstriksyon liy transmisyon Moses pou rive Adirondack, ki te kòmanse an 2020 e ki te gen pou fini ane pwochèn. Menm jan ak Smart Path, Smart Path Connect antre prensipalman nan dwa transmisyon ki egziste deja nan konte Clinton, Franklin, St. Lawrence, Lewis ak konte Oneida. Lè yo fini an 2025, Smart Path Connect ak Smart Path pral fòme yon liy transmisyon kontinyèl ki gen 345 KV ant Konte Clinton ak Oneida, pou ranfòse rezo nan tout eta a epi konekte enèji renouvlab nan sistèm elektrik la ki gen ladan kouran ki soti nan sous enèji renouvlab ki fèk konstwi ak pwopoze yo.

Prezidan National Grid New York la, Rudy Wynter, te deklare, "Smart Path Connect debloke plizyè santèn megawat enèji pwòp, renouvlab pou New York. Pwojè sa a asire yon sistèm ki pi rezistan ak fyab ki ka pi byen reziste kont move tan epi ki ede nou reyalize objektif pataje nou yo pou dekarbonize rezo elektrik la epi bay yon tranzisyon enèji pwòp san patipri, ekitab, abòdab pou konsomatè enèji New York yo."

Aprè yon pwosesis konstriksyon konpetitif, Konsèy Administrasyon Otorite Enèji New York la te apwouve yon kontra 276 milyon dola pou sis ane ak Michels Power, Inc. pou konstriksyon liy transmisyon pwojè a ak yon lòt kontra 104 milyon pou senk ane an me pou travay nan soustasyon pwojè a.

Rich Dewey, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Operatè Sistèm Endepandan New York la, te deklare, "Anons jodi a se yon lòt devlopman enpòtan ankò ki nesèsè pou atenn objektif klima prensipal New York yo pandan y ap amelyore fyabilite sistèm transmisyon an. Rekonstriksyon ak amenajman liy sa yo pral elaji kapasite enèji pwòp, ranfòse sistèm nan kont move tan ak modènize rezo nou an. Mwen fyè pou m kanpe ak

NYPA ak National Grid jodi a epi mwen felisite yo pou kòmansman pwojè enpòtan sa yo."

Anplis Smart Path ak Smart Path Connect, plizyè lòt pwojè transmisyon Eta New York ap pwogrese pou yo fini oswa yo fini epi yo an sèvis. Gouvènè Hochul te selebre kòmansman konstriksyon liy transmisyon [Champlain Hudson Power Express \(CHPE\) la](#) ki mezire 545 km, ki devlope pa Transmission Developers Inc Champlain Hudson Power Express ak Clean Path NY, yon pwojè ki te devlope atravè yon kolaborasyon ant NYPA ak Forward Power (yon antrepriz konjwen Invenergy ak energyRe,) kontra yo [te apwouve](#) pa Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) la an avril 2022, sa ki fè yo pi gwo devlopman enfrastrikti transmisyon nan Eta New York nan 50 dènye ane yo. An jeneral, envestisman nan transmisyon New York la totalize prèske 1,609 km nouvo pwojè epi ki modènize ki pral ede avanse objektif odasye enèji pwòp New York yo.

Lòt pwojè yo gen ladan pwojè [Central East Energy Connect](#) Otorite Enèji New York ak LS Power New York la kote pwojè sa enplike rekonstriksyon ak ekspansyon plis pase 160,934 kilomèt liy transmisyon ki istorikman konjesyone anpil nan koridò Utica/Albany; [New York Energy Solution](#) New York Transco a ki enplike nan rekonstriksyon apeprè 87 kilomèt liy transmisyon nan Hudson Valley ak [Pwojè Liy Empire State](#) NextEra Energy Transmission New York la ki fèk fini ak dinamize apeprè 32 kilomèt liy nan Lwès New York.

[Komisyon Sèvis Piblik \(Public Service Commission\) Eta New York](#) la te akòde Otorite Enèji New York yon Sètifika Konpatibilite Anviwònmanal ak Nesesite Piblik pou pwojè Central East Energy Connect la an out 2022, epi li te apwouve pa Plan Jesyon Anviwònmanal ak Konstrikasyon pou premye segman pwojè a an septanm 2022. Dat finisman yo prevwa pou liy lan se 2025.

Manm Asanble Michael Cusick, Prezidan Komite sou Enèji a, te deklare, "N ap antre nan yon nouvo epòk nan sa ki gen rapò ak enfrastrikti enèji nan Eta New York. Pandan n ap kontinye travay pou reyalize objektif anbisye lwa lidèchip klimatik la, enpòtans pwojè transmisyon tankou Smart Part Connect, kòmanse nan nò New York ak nan Mohawk Valley, pa ka estime twòp. Li bèl pou wè pwogrè ki fèt epi mwen remèsye Gouvènè Hochul, NYPA ak patnè pwojè National Grid nou an pou lidèchip ak angajman yo genyen pou amelyore ak agrandi sistèm transmisyon nou an."

Pou plis enfòmasyon sou Pwojè Smart Path Connect la, tanpri vizite sitwèb [Smart Path Connect](#) NYPA a.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a

nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe plis pase 165,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2021, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418